


Ki medikaman ou ka pran san danje pandan w ap bay tete?

Itilize tablo sa a pou konnen ki medikaman san preskripsyon ou ka pran san danje pandan w ap bay tete.



Si w gen:	Ou ka pran:	Fason pou pran medikaman an:
Lafyèv, ti doulè oswa ti tètfèmal	1.) Tylenol Extra Strength 500mg (asetaminofèn) 2.) Ibuprofen (Motrin IB/Advil) 200mg	1.) Pran 2 konprime chak 4 a 6 èdtan. Pa pran plis pase 8 konprime nan 24 èdtan. 2.) Pran 2-4 konprime nan bouch chak 4 a 6 èdtan. Pa pran plis pase 6 konprime nan 24 èdtan. Pran yo ak manje.
Tous ak rim	1.) Robitussin Mucus and Congestion 200mg (gwayfenesin) 2.) Chlorpheniramine 3.) Mucinex	1.) Pran 10-20ml chak 4 èdtan. Bouchon boutèy la gen yon gode pou mezire k ap ede w wè sa ki 10-20ml. Pa pran plis pase 6 fwa nan 24 èdtan. 2.) Pran 1 konprime chak 4 a 6 èdtan. Pa pran plis pase 6 konprime nan 24 èdtan. 3.) Pran 1-2 konprime chak 12 èdtan selon sa ou bezwen. Pa pran plis pase 4 konprime nan 24 èdtan. Pa ni kraze, ni koupe ni moulen konprime a. Pran l ak yon gwo vè dlo.
Nen bouche	1.) Saline spray 2.) Afrin (azelastin)	1.) Flite 1 fwa nan chak twou nen, lè ou bezwen l. 2.) Flite l 2 oswa 3 fwa nan chak twou nen, chak 10 a 12 èdtan. Pa pran l plis pase 2 fwa pa jou.
Nen k ap koule oswa alèji	1.) Visine-A (nafazolin oftalmik) 2.) Flonase Allergy Relief <u>Pou itilizasyon akoutèm:</u> 3.) Benadryl 4.) Claritin 5.) Zyrtec 6.) Xyzal	1.) Lage 1-2 gout nan je a(yo) selon sa ou bezwen, jiska 4 fwa pa jou. 2.) Flite l 1-2 fwa nan chak twou nen chak jou. Kòmanse flite l 2 fwa nan chak twou nen chak jou pandan 1 semen. Pa pran l plis pase 2 fwa pa jou. 3.) Benadryl: Pran 1 konprime chak 6 èdtan. 4.) Claritin: Pran yon konprime 10mg yon fwa pa jou. 5.) Zyrtec: Pran yon konprime 10mg yon fwa pa jou. 6.) Xyzal: Pran yon konprime 5mg yon fwa pa jou.

Si w gen:	Ou ka pran:	Fason pou pran medikaman an:
Lestomak boule	1.) Pepcid AC 10mg (famotidin)	1.) Pran 1-2 gress pa jou si gen bezwen. Pran 15-60 minit anvan ou manje pou evite sentòm yo. Pa pran plis ke 2 gress nan 24 èdtan.
Endijesyon	1.) Pepcid AC 10mg (famotidin) 2.) Mylanta	1.) Pran 1-2 gress pa jou si gen bezwen. Pran 15-60 minit anvan ou manje pou evite sentòm yo. Pa pran plis ke 2 gress nan 24 èdtan. 2.) Pran 10-12mL nan bouch selon sa ou bezwen. Pa pran plis pase 60mL nan 24 èdtan. Pa pran l pandan plis pase 1 semèn.
Enfeksyon chanpiyon	1.) Monistat-7 (mikonazòl-7) ak Clotrimazole 1% 2.) Clotrimazole 2%	1.) Mete aplikatè a nan vajen an. Peze l dousman pou krèm nan ka soti. Fè sa yon fwa pa jou (lè ou pral dòmi) pandan 7 jou. 2.) Mete aplikatè a nan vajen an. Peze l dousman pou krèm nan ka soti. Fè sa yon fwa pa jou (lè ou pral dòmi) pandan 3 jou.
Iritasyon sou po a	1.) Aveeno Anti Itch Concentrated Lotion/Caladryl, 1% Hydrocortisone, A&D ointment (pase l selon sa ou bezwen)	1.) Pase l sou pati ki afekte a sou po a selon sa ou bezwen jiska 4 fwa pa jou.
Emowoyid	1.) Tucks Wipes 2.) Preparation H 3.) Anusol-HC	1.) Sèvi ak ti twal yo selon sa ou bezwen jiska 6 fwa pa jou. 2.) Sèvi avè l selon sa ou bezwen jiska 4 fwa pa jou. Itilize aplikatè a pou mete medikaman an nan twou dèyè w. 3.) Pase l pa deyò a 2-4 fwa pa jou apre w fin pou-pou.

Si w gen lòt kesyon, pale sa ak pwofesyonèl sante CHN ou!